ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Ordinary Level

SHONA 4007/2

PAPER 2 Zvirungamutauro, Misambo yeMutauro
neMaumbirwo eMutauro

NOVEMBER 2018 SESSION 2 hours

Additional materials:
Answer paper

NGUVA: Maawa maviri

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **minomwe** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

THE DEPUTY
KUDAISA HI
03 JUL 2023
P.O. BOX 33
CELL:

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, N2018.

©ZIMSEC N2018

CHIKAMU I: MASHANDISIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo **miviri** muchikamu chino.

1 Sarudza tsumo **shanu chete** kubva pane dzinotevera ugotsanangura chidzidzo choupenyu chinowanikwa mune imwe neimwe yadzo kana ichidudzirwa.

(i) Chitsva chiri murutsoka. (1)

(ii) Tsapata rukukwe hazvienzani nekurara pasi. (1)

(iii) Kugara nhaka kuona/huona dzavamwe. (1)

(iv) Mutoro unorema wasvika. (1)

(v) Dziva rine ngwena idivakamwe, ukadzokera unowana ngwena dzasvinura. (1)

(vi) Chiripo chariuraya zizi harifi nemhepo. (1)

(vii) Gunguo kuseka zizi muromo uchinge demo. (1)
[5]

2 Sarudza zvirevo **zvishanu** chete kubva pane zvinotevera ugonyora madimikira anoreva zvakafanana nemazwi ane mutsara pasi pawo.

(a) Akamuyambira paakaona akahwandirwa nevavengi. (1)

(b) VaMandisembura vanodada zvikuru. (1)

(c) Tozivepi agarika zvakapfurikidza pamusha pavatezvara vake. (1)

(d) Tete vakaudza Tendai kuti akada kufarisa vaizomurova. (1)

(e) VaMarwei vapopota zvikuru. (1)

(f) Mwanasikana wavo akapiwa pamuviri asati apedza chikoro. (1)

(g) Akazvipinza mumatambudziko nezvinhu zvisina zvazvinobatsira. (1)
[5]

3 Ndeapi maitiro evanhu angafananidzwa nezvipuka zvinotevera? Sarudza zvipuka **zvishanu** chete.

Muenzaniso: mbuwo – kuramba munhu achidya nyangwe aguta.

(a) dahwa (1)

(b) katsi (1)

(c) tsuro (1)

(d) shumba (1)

(e) hwai (1)

(f) gurwe (1)

(g) kamba (1)
[5]

CHIKAMU II: MISAMBO YEMUTAURO

Pindura mibvunzo **yose** muchikamu chino.

4 Verenga chindima chinotevera ugopindura mibvunzo inotevera.

Taruwona achangopedza gadziriro yake, akananga kuhofisi kwaainge adanwa kunobvunzurudzwa nezvebasa. Hapanawo chaimutadzisa kuti basaro rive rake nekuti mapepa edzidzo yaidiwa aiva nawo.

Achisvikapo akaona atomiririrwa nevarume vatanhatu. Paakanzi apinde, shasha yainge yakaisa zvayo maoko muhomwe. Shasha yakasvikozvuva chigaro. "Ndauya. Chindibvunzai zvenyu," akadaro Taruwona.

Vabvunzi vakashamisika. Paakachinzi ataure nezveupenyu hwake akatanga kutsenga-tsenga chiwitsi. "Zvandakatumira mapepa ane chekuita nezvangu kare wani madhara. Mondinetsereyi? Taurai zvebasa iri. Ndipei basa ini ndinorigona. *Girafuti* ndokudya kwedu isu *mayuti*."

(a) Ndeupi musambo wakakodzera kushandiswa pakadai? (1)

(b) Dai waiva iwe mutungamiri wedare revabvunzi, Taruwona waimushayisa basa nekuda kwezvikonzero zvipi? Doma **zvishanu**. (5)

(c) Iwe ukadaidzwa kuindavhiyu, ndezvipi zvinhu zvina zvaunofanira kuchenjerera kuita zvinokwidziridza maratidzikiro neunhu hwako? (4)
[10]

5 Ndima inotevera ine misambo yakasiyana-siyana yemutauro. Nyatsoiverenga ugopindura mibvunzo iri pazasi payo.

Chipikiri akaperekedzwa neshamwari yake, Ticharwa, kunoona mwanasikana wake, Chipo airwara.

Ticharwa akasvikokwazisana naVaMbizi vachigwinhana maoko asi Chipikiri akazvipeta achiita seachachonjomara ari nechokure, ndokuombera achiti, "Makadii Tembo?"

"Ndiripo zvangu, Murambwi. Swederai zvenyu pedyo, Shumba, muone vadzimai vangu ava vandafumotara." VaMbizi vakadaro vachinomira nechokufafitera.

Nguva yokuona varwere yakapera. VanaChipikiri vave kutosvika pasuwo guru rekubuda muchipatara, vakadhumhana naVaMandisembura avo vainge vakarembedza musoro vachipunyaira neshungu. Vakavaudza kuti muzukuru wavo ainge ashayikira pachipatara apa. Chipikiri akavabata maoko achitaura mashoko aienderana nedambudziko rainge ravawira. VaMandisembura vakapindura zvavo vachipukuta misodzi neseri kweruoko.

VaMandisembura vakabata gotsi ndokutanga kusvimha misodzi. Ticharwa ndokutoti zvake, "Tinyararirei zvedu apa! Musada kubata nyika kumeso nokuchema nhema! Ndimi makadya mwana wehanzvadzi yenyu! Nhasi nyama tichaichapfanya kwenyuko! Muuraye mombe mbiri chaidzo!" Apedza zvake kuita zvese zvemusara navo akachizovabata maoko otoitawo zvimisodzi.

(a) Vanhu vanotevera vaiva neukama hupi kubva pamataurirano avanoita mundima?

(i) VaMbizi naChipo (1)

(ii) Chipikiri naVaMbizi (1)

(b) (i) Ndeupi musambo unowanikwa mukukwazisana kwaVaMbizi naChipikiri? (1)

(ii) Ipa zviviri zviri mundima zvinoburitsa musambo wawapa pa **(b)(i).** (2)

(c) Mashoko anogona kunge akataurwa naChipikiri paaibata VaMandisembura maoko angava ekutii? (1)

(d) VaMandisembura vaikwanisa kudaira vachitii? (1)

(e) (i) Musambo unoshandiswa naTicharwa kuna VaMandisembura unonzii? (1)

(ii) Chii chaunobatsira pamagariro avaShona? (1)

(iii) Chii chawakaipira? (1)
[10]

CHIKAMU III: MAUMBIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo **mitatu chete** kubva muchikamu chino.

6 Nyora mipanda nezvivakashure zvemazita anotevera:

Vasahwira		
ugaro	musango	dziva
misungo	rufu	mweni
majeko	nhapwa	chikoro

[10]

7 Verenga ndima inotevera, ugopindura mibvunzo iri pazasi.

Ipapo kwakasvika kamwe kasikana kakasvikoti pfurugwada pana VaMabvura. VaMabvura vakatapa shoko riya nomufaro mukuru ndokurizevezera munzeve dzaKufakunesu. Achinzwa izvi akaita seanopenga nokufara. Vanhu vose vakangoti kanhama nazvo.

(a) Nyurura zvidudziramazita zvose zviri mundima iyi, ugodoma zita rechimwe nechimwe chezvawanyora. (6)

(b) Pazvidudziramazita zvawanyora sarudza zviviri chete ugotsanangura maumbirwo azvo, uchipa muenzaniso mumwe chete pachidudzirazita choga choga. (4)
[10]

8 Shandisa chiito /-**rova**/ muzvirevo kuburitsa madonzvo ezviito anotevera:

(a) rekuudza (2)

(b) renhevedzano (2)

(c) rekutuma (2)

(d) rezvanga zvichiitika panguva iyoyo (2)

(e) rekuita (2)
[10]

9 Doma mazita ezvakanyorwa nemavara makobvu.

(i) Nyora zvakanaka. (1)

(ii) Sekuru vazouya **vomene**. (1)

(iii) Ini **ndi**notaura ChiShona. (1)

(iv) Ta**ka**pemberera mwenga. (1)

(v) Chakabatwa nekatsi **i**gonzo. (1)

(vi) Handi**mu**teereri nokuti anonyeba. (1)

(vii) Tatenda ai**sa**dya kumakwato. (1)

(viii) Ndabayiwa **ne**chipikiri. (1)

(ix) Zvatosvorana gonzo **na**chin'ai. (1)

(x) Kamba inofamba **zvinyoronyoro**. (1)
[10]

10 Ongorora zvirevo zvinotevera.

(a) Mbuya vakabikira sekuru doro.

(b) Mwana wemanyawi uya anoroveka nyore.

(c) Kasikana kakatambisa pamuchato.

(d) Muvaki achapfurunura imba yedu.

(e) Anosekerera chaizvo nerudo.

THE DEPUTY H... O
KUDADISA HIGH S... HOOL
2 3 JUN 2023
P.O. BOX 330, T...NA
CELL:

Pachirevo choga choga chapiwa ipa zvinotevera:

(i) chiito chiri muchirevo,

(ii) mudzi wechiito,

(iii) rebeso yechiito,

(iv) zita rerebeso.

[10]